

Jum'at, 27 September 2024



# AL-MAWAA'IDZ

## KHUTBAH JUM'AH

Bahasa Jawa dan Indonesia

Imron Basori

(Pengurus LTN PCNU Kabupaten Gunungkidul)

## SIFAT-SIFAT MUTTAQIN



LEMBAGA TA'LIF WAN NASYR  
NAHDLATUL ULAMA  
GUNUNGKIDUL YOGYAKARTA

# **KHUTBAH JUM'AH**

**BAHASA JAWA DAN INDONESIA**

## **SIFAT-SIFAT MUTTAQIN**

**Oleh:**

**Imron Basori**

**(Pengurus LTN PCNU Kabupaten Gunungkidul)**

## Sifat-sifat Muttaqin

### الخطبة الأولى

الْحَمْدُ لِلَّهِ الصَّمَدِ. الَّذِي لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ.  
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الْوَهَّابُ. وَأَشْهَدُ  
أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ النَّاطِقُ بِالْحَقِّ وَفَصِلِ الْخِطَابِ.  
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ خَيْرِ الْأَنْبَاءِ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ  
صَلَاةً وَسَلَامًا دَائِمِينَ مُتَلَازِمِينَ بِدَوَامِ مُلْكِكَ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ  
اللَّهُ أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. قَالَ اللَّهُ  
تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. إِنَّ اللَّهَ مَعَ  
الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ. صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ.

*Kaum muslimin rahimakumullah,*

Mangga sareng-sareng kita bersyukur awit sedaya nikmat ingkang Gusti Allah paringaken dhumateng kita sedaya. Syukur nikmat menika mboten cekap kanthi lisan ngucap alhamdulillah, ananging kedah dipun sarengi ningkataken kualitas ibadah kanthi ikhlas namung keranten Allah Swt.

Selajengipun mangga tansah mbudidaya ningkataken takwa dhateng Allah Swt. kanthi nindaaken sedaya dawuhipun Allah lan nebihi sedaya awisanipun. Namung kanthi takwa kasebat kita badhe pikantuk kawilujengan sae ing dunya menapa dene wonten ing akherat.

Allah Swt. dawuh wonten ing Al-Qur'an:

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ

Artosipun:

*"Saktemene Allah iku nyartani wong-wong kang padha takwa lan wong-wong kang tumindak becik."*

***Jama'ah shalat Jum'at ingkang minulya,***

Saben-saben kita mirengaken khutbah Jum'at, khatib tansah paring nasihat dhateng para jama'ah supados tansah ningkataken takwa dhumateng Allah. Wasiat kasebat mboten namung sebatas netepi syarat rukunipun khutbah, ananging keranten wigatosipun bab takwa kasebat.

Takwa menika dados barometer utawi ukuran mulyanipun tiyang. Gusti Allah mulyaaken tiyang mboten amargi derajat pangkatipun, ugi mboten ningali kadudukan lan harta bendanipun, ananging Allah Swt. mulyaaken tiyang keranten takwanipun.

Allah Swt. dawuh ing Al-Qur'an:

إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ ...

Artosipun:

*"Saktemene kang paling mulya saka sira kabeh mungguhe Allah iku kang luwih takwa."*

***Kaum muslimin rahimakumullah,***

Kersanipun kita sansaya paham babakan takwa, perlu kita mangertosi sifat-sifatipun muttaqin utawi tiyang ingkang

bertakwa. Menawi kita paham sifat-sifatipun muttaqin, saget kita dadosaken intropeksi diri kita sampun kalebet tiyang ingkang ingkang dipun wastani muttaqin menapa dereng.

Allah Swt. dawuh ing Al-Qur'an surah Ali Imran ayat 16-17:

الَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا إِنَّنَا أُمَمًا فَأَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَفِنَا عَذَابَ النَّارِ.  
الصَّابِرِينَ وَالصَّادِقِينَ وَالْمُنْفِقِينَ وَالْمُنْفِقِينَ بِالْأَسْحَارِ.

Artosipun:

*"Yaiku wong-wong kang pada ngucap, 'Duh Gusti Allah, kula saestu iman dhateng Panjenengan, pramila kula aturi panjenengan maringi pangapunten dhumateng dosa-dosa kula, lan kula aturi njagi kula saking neraka. Wong-wong mau padha nduweni kesabaran lan padha temen lan tunduk lan padha mbelanjaake bandane lan padha maca istighfar ana ing wanci sahur."*

Saking ayat kasebat, Allah paring pangertosan bilih sifat-sifatipun muttawin menika:

*Sepindah*, tiyang ingkang nyataaken iman dhumateng Allah. Tegesipun iman wonten ing situasi lan kondisi kados menapa kemawon. Wonten ing kawontenan sempit menapa dene lapang, kawontenan bingah menapa dene susah. Imanipun mboten badhe berkurang sinahosa ngadepi kawontenan ingkang sulit.

*Kaping kalih*, tiyang ingkang bertakwa piyambakipun tansah nyuwun pangapunten dumateng Allah. Piyambakipun tansah ngeraos kagungan dosa ingkang kathah, lajeng taubat lan ngathah-ngathahaken mahos istighfar kanthi niat

mboten badhe ngambali malih kesalahan ingkang dipun lampahi.

*Kaping tiga*, tiyang ingkang bertakwa ajrih dateng siksa neraka. Pramila badanipun tansah dipun jagi saking tumindak ingkang mboten sae lan nebihi samukawis barang ingkang haram. Paningalipun dipun ginaaken mirsani ayat-ayat kekuasaanipun Gusti Allah. Lisanipun kangge ngendikan ingkang sae. Sedaya dipun jagi awit ajrihipun saking siksa neraka.

*Kaping sekawan*, nggadahi kesabaran ing ndalem nindaaken syariat agami Islam. Piyambakipun ugi tansah sabar menawi nampi cobaan saking Allah Swt.

*Kaping gangsal*, leres pangendikanipun, lan lurus ing lampahipun, lan tansah berjuang ing margi kaleresan. Nindaaken profesi menapa kemawon, dipun tindaaken kanthi jujur lan amanah.

*Kaping enem*, taat nindaaken dawuh agami. Sedaya tindak tandukipun tansah nderek aturan agami.

*Kaping pitu*, piyambakipun tansah nginfakaken sebagian hartanipun kagem kepentingan umat lan agami. Sami ugi remen sedekah, zakat lan sanes-sanesipun. Keranten piyambakipun sadar bilih sedaya menika namung amanah saking Allah Swt. supados dipun ginaaken kagem kemaslahatan umat.

*Kaping wolu*, nindaaken shalat ing wanci dalu, ngathah-ngathahaken mahos istighfar. Keranten wekdal sahur utawi sepertiga malam menika wekdal ingkang mustajab. Ing

wekdal kasebat, Allah badhe paring ijabah dhateng siten kemawon ingkang nyuwun.

*Akhirul kalam*, mugi-mugi Allah Swt. paring pitedah dumateng kita. Mugi-mugi kita termasuk golonganipun muttaqin ingkang akhiripun badhe mlebet suwarganipun Allah Swt. *Amin Yaa Rabbal 'Alamin*.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ  
الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ  
الرَّحِيمُ. وَتَوَبُّوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَا الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. وَقُلْ  
رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

## Sifat-sifat Muttaqin

### الخطبة الأولى

أَلْحَمْدُ لِلَّهِ الصَّمَدِ. الَّذِي لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الْوَهَّابُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ النَّاطِقُ بِالْحَقِّ وَفَصِلِ الْخِطَابِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ خَيْرِ الْأَنْبَاءِ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ صَلَاةً وَسَلَامًا دَائِمِينَ مُتَلَازِمِينَ بِدَوَامِ مُلْكِكَ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ. صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ.

*Kaum muslimin rahimakumullah,*

Marilah bersama-sama kita memanjatkan syukur kehadiran Allah Swt. atas limpahan nikmat kepada semua hamba-Nya. Syukur dalam arti tidak sebatas dengan ucapan alhamdulillah, akan tetapi harus disertai dengan peningkatan kualitas ibadah dengan tulus ikhlas hanya karena Allah Swt.

Selanjutnya, marilah selalu berusaha meningkatkan takwa kepada Allah Swt. dengan melaksanakan semua perintah-Nya dan menjauhi segala larangan-Nya. Hanya dengan



berbekal takwalah kita dapat menggapai kebahagiaan hakiki baik di dunia terlebih kelak di akhirat.

Allah Swt. berfirman dalam Al-Qur'an:

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ

Artinya:

*"Sesungguhnya Allah menyertai orang-orang yang bertakwa dan orang-orang yang berbuat baik."*

***Jama'ah shalat Jum'at ingkang minulya,***

Setiap kali kita mendengarkan khutbah Jum'at, khatib selalu mengawali khutbahnya dengan wasiat takwa kepada para jama'ah. Wasiat tersebut tidak sekedar memenuhi syarat dan rukun khutbah semata, akan tetapi karena betapa pentingnya keberadaan takwa tersebut.

Takwa menjadi barometer atau tolok ukur kemuliaan seseorang. Allah Swt. memuliakan seseorang tidak mempertimbangkan derajat dan pangkatnya, tidak pula kedudukan dan harta bedanya, akan tetapi Allah memuliakan seseorang dengan melihat seberapa kualitas takwanya.

Allah Swt. berfirman dalam Al-Qur'an:

إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ ...

Artinya:

*"Sesungguhnya yang paling mulia di antara kalian di sisi Allah adalah yang paling bertakwa."*

### *Kaum muslimin rahimakumullah,*

Supaya kita semakin paham tentang takwa, perlu kita ketahui sifat-sifat orang yang bertakwa atau muttaqin. Apabila kita memahami sifat-sifat tersebut, selanjutnya mari kita jadikan bahan renungan dan introspeksi diri. Sudahkah kita termasuk orang yang mendapatkan predikat muttaqin?

Allah Swt. berfirman dalam Al-Qur'an surah Ali Imran ayat 16-17:

الَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا إِنَّنا أَمَنَّا فَأَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَفَنَا عَذَابَ النَّارِ .  
الصَّابِرِينَ وَالصَّادِقِينَ وَالْقَانِتِينَ وَالْمُنْفِقِينَ وَالْمُسْتَغْفِرِينَ بِالْأَسْحَارِ .

Artinya:

*“Yaitu orang-orang yang berkata, ‘Wahai Tuhan kami, sungguh kami menyatakan iman kepada-Mu, maka ampunilah dosa-dosa kami, dan jagalah kami dari siksa api neraka. Orang-orang tersebut memiliki kesabaran, lurus, tunduk, membelanjakan hartanya, membaca istighfar pada waktu sahur.”*

Dari ayat tersebut, Allah memberikan penjelasan bahwa sifat-sifat muttaqin di antaranya:

*Pertama*, mereka menyatakan iman kepada Allah. Artinya beriman dalam situasi dan kondisi apapun, baik dalam situasi sempit maupun lapang, senang maupun susah. Iman yang dimilikinya tidak berkurang sedikitpun meskipun menghadapi keadaan yang sulit sekalipun.

*Kedua*, mereka minta ampunan dari Allah Swt. Mereka merasa memiliki banyak dosa, sehingga bertaubat dan

memperbanyak membawa istighfar disertai niat tidak akan pernah mengulangi kesalahan yang pernah dilakukan.

*Ketiga*, mereka takut akan siksa neraka. Karena rasa takutnya tersebut kemudian dia berusaha menjaga anggota tubuhnya jangan sampai melakukan perbuatan yang melanggar norma agama. Matanya hanya digunakan untuk melihat ayat-ayat kebesaran Allah. Lisannya hanya digunakan berbicara yang baik dan bermanfaat. Seluruh anggota badan dijaga karena saking takutnya akan siksa neraka.

*Keempat*, memiliki kesabaran dalam menjalankan perintah agama. Selain itu, juga kesabaran dalam menghadapi cobaan yang Allah Swt. berikan kepadanya.

*Kelima*, selalu berkata jujur, lurus, dan selalu berjuang di jalan kebenaran. Sebagai apapun profesinya, mereka menjalani dengan jujur dan amanah.

*Keenam*, taat dalam menjalankan perintah agama. Semua yang mereka lakukan berdasarkan aturan agama.

*Ketujuh*, mereka menginfakkan sebagian harta bendanya untuk kepentingan umat dan agama. Mereka gemar bersedekah, membayar zakat, dan sebagainya. Hal itu mereka lakukan karena mereka menyadari bahwa harta benda yang mereka miliki merupakan amanah dari Allah Swt. supaya digunakan untuk kemaslahatan umat.

*Kedelapan*, menjalankan shalat malam atau qiyamullail kemudian memperbanyak membaca istighfar. Waktu sepertiga malam merupakan waktu yang sangat mustajab. Pada waktu tersebut, siapapun yang menyampaikan hajatnya kepada Allah, maka Allah akan memberikan ijabah.

*Akhirul kalam*, mudah-mudahan Allah Swt. memberikan hidayah kepada kita untuk selalu berpijak di jalan yang lurus. Mudah-mudahan kita termasuk golongan orang-orang yang mendapatkan predikat muttaqin yang pada akhirnya akan masuk ke syurga-Nya Allah Swt. *Amin Yaa Rabbal 'Alamin*.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ  
الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ  
الرَّحِيمُ. وَتَوُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَا الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. وَقُلْ  
رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

## الخطبة الثانية


الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ  
أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا  
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَنْتَهُوا عَمَّا نَهَى.  
وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَنَتَى بِمَلَائِكَتِهِ بِقُدْسِهِ.  
وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا  
صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلِّ  
اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلِّمْ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ  
وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ  
وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيَّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ  
لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَيَّ الْيَوْمَ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ  
الرَّاحِمِينَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ  
مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلِّ الشِّرْكَ

وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَآخُذْ  
 مِنْ خَدَلِ الْمُسْلِمِينَ وَ دَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ  
 الدِّينِ. اللَّهُمَّ اذْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ  
 وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَن بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ  
 الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً  
 وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ  
 تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ.

عِبَادَ اللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى  
 وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ  
 وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ  
 أَكْبَرُ.



Bagi Khotib atau takmir masjid yang belum memiliki Buku kumpulan khutbah “Al-Mawaa’idz”, bisa memesan ke LTNNU Gunungkidul dengan harga Rp 90.000 (gratis ongkir Pulau Jawa)

**Contact Person:**

Anton Prasetyo (0878-7968-9643)

Imron Rosidi (0853-2852-4147)